RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25). Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

A. DJAJASEPOETRA.

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taoen . . .	f 6,—	njoewoen kabajar roemijin.
1/2 „ . . .	f 3,—	
3 woelan . .	f 1,50	

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**

IGNATIUS - COLLEGE

DJOKJAKARTA.

Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN:

Wawasan bab panggaotan lan padagangan — Goena-krida — Èlmoe pagemèn — Kosok-wangsoel — Dongèng saking Betawi—Kabar saking pakempalan — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

WAWASAN BAB PANGGAOTAN LAN PADAGANGAN.

sambet kalijan andaranipoen mas Jèn Kober ing Sw. Tm. no. 38; Sept. '30.

(Saweg Beboeka).

Sareng koela waos karangan waoe wosipoen soepados: tijang Djawi ngadjengaken pedagangan lan kagoenan; lan: soepados para saged sami manah bab poenika sarana ngoedi, oepami wontenipoen pamoelangan kanggé sinaoe dedamelan (kolom 4); lan: soepados tijang Djawi saged gandèng pijambak kalijan negari mantja (kolom 3).

Pemanah koela mekaten:

Dados tjekak karangan waoe sageda tanah Djawi, (mbokmanawi langkoeng prajogi sa-Indonesia) saged gadah autonomie pijambak ing bab padagangan, oetawi sageda sa-Indonesia njepeng daganganipoen pijambak. Bab poenika sampoen saleresipoen mila kedah mekaten; poen A nedya ngangkah merdikaning papréntahan, poen B kedah ngangkah merdikaning padagangan, poen C ngarah bab oewaling pers saking prebawa kilénan, poen D ngangkah oewaling kesagedan saking gegamaning tijang sanès lan sapitoeroetipoen. Lan sedèrèk Jèn Kober semoenipoen kepareng tjloeloek bab padagangan.

Bab poenika kados para djempol oegi boten kekilapan, malah Soerabaja sampoen 3 (?) taoen poenika sampoen wonten importeur Djawi, lan sapitoeroetipoen.

Ing golongan R. K.? kados para ahli manggaota oegi sampoen toemandang sasaged-sagedipoen.

Namoeng soepados bab ada poenika saged saja radin, saja nggregoet ing bebadan Katholiek kados-poendi?

Lah poenika ingkang perloe. Sranipoen? Toelada! Kados ing bebadan Katholiek nasijonal Indonésija sampoen boten kirang. Moentilan, Ngajodja kados sami tjag-tjeg. Minahasa? kopra!

Lan orgaan-orgaan kita Katholiek, semanten waoe oepami tjloeloekipoen toewan Jèn Kober waoe 100% katampi, soepados roentoet, laras, consequent, kedah oegi boten kénging sepi karangan ingkang nggepok bab poenika. Dados sasaged-saged saben medal orgaan-orgaan kita kedah wonten rubriek bab poenika ingkang isi.

Sinten ingkang ngisi? Lah poenika pitakèn leres. Temtoe kémawon Redactie. Botenipoen ngisi pijambak oegi kedah pados tijang. Sokoer sedèrèk Jèn Kober pijambak, awit semoenipoen pandjenenganipoen adjeg kober.

Botenipoen, jèn sami leganipoen, Redactie marengaken, kjai Jèn Kober lila, para maos lila, Goesti Allah angidini, poen Andaja sagah ngatoeri soembangan bab poenika kanti adjeg. Lan soembangan poenika boten ateges kedah dipoengega, namoeng awoedjoed barang dipoenpintokaken, sok sintena kénging ngitjipi, kénging njoewik, kénging alok, kénging mada, sokoer kersa ngersakaken, waton boten doeka agengipoen ngendika kasar.

Déné ingkang dipoenatoeraken poenapa? Inggih namoeng mligi bab penggaotan lan padagangan, manoet lelampahan ingkang saweg kelampahan oetawi boekoe ingkang kénging pinitados, dados theorie lan paseksèn kasareng, soepados isi katah lan sekétja mlebetipoen dateng nalar.

Lan bab waoe boten kok namoeng ingkang kelampah ing tanah Djawi kémawon, nanging tanah ngamantja oegi boten badé kasingkoer, ingkang soepados priksanipoen para noepiksa saged djembar lan djangkep. Mangké jèn kerep maos bab dagangan lan panggaotan rak badé ladjeng gadah tresna, gadah roemaos ketarik nindakaken: waar 't hart vol van is enz. lan: onbekend maakt enz. jèn kawalik: bekend maakt bemind!

Dados, jèn bab padagangan lan penggaotan adjeg kawedaraken, temtoe dangoening-dangoe, é bebasan toja setètès saged mbolong séla, dangoening - dangoe temtoe saged mlebet manah. Jèn manah sampoen hija, boten sandé tangan poeroen . . . . . lo, para maos ngertos pijambak, poeroen toemandang. Botena nandangi pijambak, inggih anakpoetoe, tangga - tepalih, moerid. Wosipoen, waton wonten ada temtoe wonten kedadosan. Saja temenan adanipoen, saja ageng, saja ketingal tandjanipoen.

Noewoen, boten kepandjang-pandjang kados sampoen tjeta poenapa kadjeng koela: koela sagah moedjoedi kersanipoen ki Jèn Kober woedjoed karangan.

Ingkang poenika njadong dawoeh.

Andaja.

Noot. Mangga, Sdr. Andaja, ladjeng katindakna kémawon! Déné manawi wonten sadèrèk sanès badé toemoet-toemoet moedjoedi, inggih prajogi sanget. Kados sdr. Andaja boten badé ngawisi! *Red.*

GOENA - KRIDA.

MINANGKA ÈMBÈL-ÈMBÈL!

(Sambetipoen Sw. Tm. no. 40).

Para maos, nalika maos atoer koela ing ngadjeng (Sw. Tm. 39 lan 40), poenapa boten ladjeng kèmoetan dateng *Pangageman Mis Soetji tjéngkok Djawi?*

Bab poenika sampoen naté kawartosaken ing Sw. Tm. no. 32: *Kabar Katholiek;* ing „De Koerier" 2 Sept. 1930: *De Javaansche Priester in Javaansche Gewaden,* door J. O. M; lan ing „Katholieke Illustratie (6 Aug. 1930): *„De Javaansche Missie en de Javaansche Ornamentiek."*

Gandèng kalijan atoer koela ingkang sampoen, kados boten tanpa perloe, jèn ing ngriki karembaga malih, manawi sampoen naté karembag; déné manawi dèrèng, inggih soekoer. Temtoenipoen kémawon, ingkang koela djoempoet, namoeng ingkang magepokan kalijan orèhan ing ngadjeng.

Pangageman Mis Soetji poenika kados-poendi ta warninipoen? Pitakènan poenika kanggé sadèrèk katholiek kados boten soesah koela wangsoeli. Kanggé sadèrèk Indonesiërs sanès koela njaosi katrangan sakedik, soepados sageda gampil anggènipoen nggajoeh ingkang koela kadjengaken. — Mis Soetji poenika Koerbanipoen tijang Katolik, — Déné pangageman Mis Soetji waoe namoeng kaagem ing Imam, jèn pinoedjoe ngoendjoekaken Mis Soetji. Péranganipoen katah; ingkang ketingal pijambak inggih poenika: „aleb" (Landi: alb = djoebah petak) lan „kasoelah" (Landi: kazuifel = mèmper mantel, pandjang ± doemoegi tjingklok, tanpa lengenan. Kasoelah kanggé wonten djawi pijmbak).

Mitoeroet pakabaran - pakabaran waoe Pangageman Mis Soetji ingkang kaseboet ing nginggil, poenika jasanipoen Njonjah Mélotte-Bruinsma kabantoe ing sapoenggawanipoen, inggih poenika Pekempalan-dondom-dondom-kanggé-Missie ing Geleen (= Missie-naaikring te Geleen, Limburg, Nederl.), mawi migoenakaken pitedahipoen Rama Djajasepoetra (Imam Djawi).

„Katholieke Illustratie soeka gambar - gambaring pangageman waoe. Pendetan saking potrèt; kinantènan katrang - katrangan, ingkang saged noeloengi pangènta-èntanipoen para maos. Temtoenipoen katrangan - katrangan waoe ing ngriki inggih badé koela tjoeplik, soepados para maos Sw. Tm. saged gampil anggènipoen ngènta-ènta, kados - poendi kirang-langkoeng warninipoen pangageman Mis Soetji tjéngkok Djawi waoe.

Ing Kath. Ill. dipoenwonteni oegi gambar sembet-sembet sanès, ingkang kaagem ing Grédja, sadaja atjèngkok Djawi. Ing ngriki kados sampoen tjekap, manawi koela namoeng ngrembag bab kasoelahipoen kémawon.

Kasoelah petak: Warni boten petak memplak, nanging semoe djené (maisgeel.) Poen badé soetra damast (damast-zijde) lemes, wedalan saking Lyon (Parangakik) mawi seseratan pola *„parang koeroeng."* Soetra waoe welingan moergan, awit pabrik soetra ing Lyon kala semanten boten gadah pola poenika. — Lo, kok kendel wani melingaké moergan kaja ngono marang pabrik soetra; lan si pabrik kok ja gelem nenoen soetra nganggo pola anèh ngono! — Kasoelah waoe ngadjeng - wingking saking inggil doemoegi ngandap wonten blabaganipoen, wijar ± 10 c. M., makaten oegi saking poendak kiwa-tengen; ingkang sami tempoekan ing ngadjeng wonten ing djadja, ing wingking wonten ing geger. Blabagan - blabagan poenika sami dipoenisèni *parang-roesak:* plataranipoen mlindjon biroe tandes (diep korenbloemen-blauw), dados poenika bintonipoen; wewengkonipoen abrit soga nèm (lichtgoudbruin). Ing tempoekaning blabagan ing wingking dipoensoekani tjeplok mlindjon, isi Christogram, (☓) plataran oegi biroe. Sadaja waoe sami kabloedir (geborduurd) mawi benang soetra; namoeng bloediran Chistogram mawi gim djené sepoeh. Blabagan mawi dipoenplisiri abrit soga, ± sanjari wijaripoen.

Kasoelah tjemeng. Badé: bloedroe tjemeng, tipis toer lemes sanget. Blabagan namoeng kawoedjoedaken ing plisir petak ± sanjari wijaripoen; ing tempoekaning blabagan ing wingking dipoenisèni *sawat garoeda,* wengkon - wengkonipoen petak. Ing tengah-tengahing sawat waoe Christogram petak memplak. Dados Christo poenika njoelihi poen djadjaning garoeda.

Kasoelah abrit. I. Badé: soetra Hongkong (Hongkong-zijde), warni abrit, boten branang (mat-rose-rood). Blabagan namoeng kawoedjoedaken ing plisir djené mas. Tempoekaning blabagan ing wingking woedjoed *sawat garoeda,* awarni: biroe sepoeh (diep blauw), kapoeranta sepoeh (donkeroranje) mawi sawoer djené lan idjem; ing tengah-tengahing sawat garoeda waoe aksara I.H.S. (*I* (J) esus *H*ominum *S*alvator = Sri Jesoes Paneboesing manoengsa) petak memplak kaplisiran biroe.

Kasoelah abrit. II. Badé: sami kalijan no. I. warni oegi sami. Blabaganipoen isi pola: *kembangan sindoer;* ler - leranipoen kapoeranta sepoeh (donker oranje), sekaripoen biroe nèm. Penoetoep tempoekaning blabagan wingking awoedjoed tjeplokan madjeng nem, warni biroe nèm sanget mawi tjatjahan gori biroe sepoeh. (zacht héél licht blauw, doorkruist van donker blauwe lijnen), ing tengah aksara I.H.S. djené mas.

Potonganing kasoelah - kasoelah waoe kados ingkang sampoen kaagem ing Pasamoean Soetji (de H. Kerk): tjakrik *gothisch;* déné tjakrik Ramaansch, ingkang oegi sampoen kaoemoemaken ing Pasamoean Soetji, boten kapilih. Kénging poenapa kok tjakrik gothisch mawi bedja kapilih? Margi radi nglombroh; lan margi nglombroh poenika kados katingal langkoeng semoea!

Kados semanten kémawon sampoen njekapi kanggé nglimbang-nglimbang.

* * *

Lah, sapoenika kados-poendi limbanganipoen?

Jèn koela, ada-ada ingkang kados makaten poenika pantes koela keploki ambal-ambalan kanti alok-alok „Bravo!!!" Sababipoen?

1e. Awit poenika rak nama ngadjengaken *goena-krida Djawi.* Poenapa migoenakaken, ngagem goena - krida - Djawi boten nama ngadjengaken? Malah kados kénging kawastanan *ngadjengaken* sajektos, djalaran ada - ada waoe boten namoeng ngipoek-ipoek anggegesang ingkang sampoen mèh pedjah kaliren, andjedjegaken soeloer sèngklèh; nanging njoeboeraken njoekani rambatan ènggal.

Sinten kémawon ta ingkang boten pirsa, jèn kasoelah lan saprabotipoen poenika barang kabetahan ènggal toemrapipoen bangsa Djawi? Sinten kémawon ta ingkang badé poeroen tjloeloek, jèn kasoelah poenika ing djaman roemijin inggih sampoen dados pangagemanipoen bangsa Djawi kaprah? Sinten ingkang sampoen naté mranggoeli awer-awer oetawi tanda jèn roemijin sampoen kaprah? Sinten ingkang saged nedahaken, jèn ing desa kana oetawa ing dèsa kéné kasoelah maoe ija isih nganggo. Kados poenika boten soesah koela oeloer-oeloer, awit sampoen tjeta sanget. Dados kasoelah tjéngkok Djawi poenika tegesipoen rak goena-krida Djawi toemantjep ing tantjeban ènggal oet. goena-krida Djawi angsal golongan ènggal. Poenapa poenika boten nama mijaraken djadjahanipoen goena-krida Djawi? Poenapa boten nama ngadjengaken sajektos?

Namoeng kémawon mbokmanawi wonten pitakénan mekaten: „Lo, nanging apa koewi (ada-ada maoe) ija bisa tjotjog karo goena-krida Djawa? Apa Djawané isih diloenggoehi? Apa koewi bisa dadi pagawèané wong Djawa? Apa mengkono maoe ija bisa maremaké rasa Djawa marang sroewa èdi lan pèni?"

Déné wangsoelanipoen kados mekaten:

Sadaja ingkang katindakaken ing ada-ada waoe kados saged katindakaken ing bangsa kita; malah boten nama lampah ènggal. Awit bab mbloedir mawi gim oetawi mawi benang soetra (njongkèt) poenika rak inggih katindakaken oegi ing bangsa kita, sanadjana boten kaprah soemebar. Malah nenoen badé mawi pola Djawi kados bangsa kita oegi saged. Namoeng kémawon bangsa kita ing kalih-kalihipoen (mbloedir lan nenoen) bokmanawi taksih saged noelad pirantos (werktiugen) lan réka-rékanipoen (techniek).

Bab saged maremaken oet. botenipoen, kénging poenapa boten saged? Oeger sampoen mangertos kasoelah (sapisan engkas, koela ing ngriki namoeng ngrembag bab kasoelahipoen, nanging rembag koela waoe kénging oegi katoemrapaken ing prekawis sanèsipoen) poenika poenapa? Sinten ingkang ngagem lan jèn pinoedjoe poenapa? makaten saladjengipoen. Lah, jèn sampoen poenapa ladjeng boten saged milih pola Djawi, ingkang sampoen kalampah, oet. jasa pola ènggal (tèmtoenipoen ingkang saroedjoek kalijan raos Djawi?) Lan poenapa ladjeng boten saged milih warni (kleur) ingkang tjotjog kalijan raos Djawi? Lah jèn makaten, kasoelah waoe poenapa ladjeng boten nama tjéngkok Djawi; lan poenapa ladjeng boten saged maremaken raos Djawi dateng sroewa èdi lan pèni?

Nanging sanès wangsoelanipoen, manawi wonten pitakénan mekaten: apa kasoelah weton Geleen maoe ngesrekaké kekarepané, rasa-rasané bangsa Djawi?

Poenika goemantoeng dateng poen kasoelah waoe pijambak. Jèn koela matoer: „saé", kados koela boten badé kawastanan: „pangalemé tanpa doega." Tjobi kapriksa pijambak kasoelah-kasoelah waoe, kados ingkang sampoen koela atoeraken priksa! Poenapa poen warni boten matoek? Poenapa poen pola dédé tjakrik Djawi? Poenapa pola parang-roesak oet. sawat - sawat waoe boten saroedjoek kalijan kadjengipoen kasoelah? Makaten saladjengipoen.

Njonjah Mèlotte - Bruinsma sapoenggawanipoen lan Rama Djajasepoetra kados boten badé doeka, jèn koela matoer blaka: „Kados dèrèng sampoerna, dèrèng ngesrekaken sanget dateng pikadjenganing raos koela Djawi!" Djalaran poenika prasasat sampoen kados mestinipoen: 1e. poenika rak saweg nama ada-ada sapisanan ta? Poenapa ada-ada sapisanan poenika ingkang katah-katah ladjeng dados tanpa koetjiwa? 2e. Poenika bokmanawi kabekta saking angèling anggènipoen Rama Djajasepoetra ngleksanani ingkang dipoenkarsakaken. Awit kados-poendi, Rama Djajasepoetra waoe noentoen tijang ingkang tebih saking djagad Djawi, boten patos paham dateng raos lan krida Djawi. 3e. Poenapa ada-ada waoe kémawon nama gampil? Tijang, kedah moelat ngiwa-nengen poenapa ingkang kakarsakaken ing Pasamoean Soetji lan poenapa ingkang kinadjengaken ing raos Djawi! Lan kados-poendi sagedipoen gatoek mak sreg!

Amrih terangipoen: sawat ing kasoelah dipoenisèni aksara I. H. S. kanti ketingal sanget. Poenika satléraman oet. sakenjaman mitoeroet raos Djawi katoelik kados sampoen manggèn. Mila manggèn, jèn pola sawat kaagemaken dateng Imam ingkang saweg ngoendjoekaken Koerban, djer sawat poenika mratjihnani loehoering ingkang ngagem, lan Imam, ingkang saweg makaten poenika, mila karasoekan pangoewaos loehoering - loehoer. Nanging loehoering - loehoer waoe namoeng krana Goesti Jésoes; milanipoen aksara I.H.S. ingkang dados tetengeripoen Asmaning Hjang Paneboes, inggih poenika Goesti Jésoes, ambangoen toemoenggoeling poen pola sawat. Poenapa makaten poenika boten mitoeroet raos Djawi lan Katoelik? Poenapa boten manggèn?

Èwasamanten, manawi raos koela Djawi koela tiling-tilingaken sanget, kok ladjeng wonten soewanten ingkang dèrèng lega. Aksara I. H. S. waoe karaos kirang aloes, keblèkènen. Asmaning Goesti Jèsoes inggih tetepa dados toemoenggoel, nanging tetenger mawi aksara waoe poenapa boten kénging kagantos tetenger sanès, soepados langkoeng aloes? Oepaminipoen: Oelam, tjempé, pangèn, peksi Pélikan l. s. s. Poenika sedaja rak tetengeripoen Goesti Jésoes (symbool)!

II. Keplok-keplok lan alok - alok koela „Bravo" poenika kabekta oegi saking mareming manah *Katolik* Djawi.

Dawoehing Pangéran: „Sira tresnaa marang Pangéran Allahira, klawan goemolonging atinira, toewin

KABAR PAKEMPALAN.

Verslag verificatie comm. Roekti Woeri.

Ingkang sami nandani ingandap poenika C.Soegiri, J.S. Padmawijata lan B. Djaja Éndra warganing Verificatie Comm. Roekti Woeri, sampoen niti priksa boekoe-boekoe toewin kas kanti katjotjogaken kalijan kwitantie-kwitantienipoen, sadaja pinanggih tjotjog. Doemoegi poengkasaning taoen 1929, kawontenaning arta kados ing ngandap poenika:

wonten ing girorekening f 1010 —
„ „ depositorekening f 3350 —
„ „ kaspenningmeester f 424,03^5
goenggoeng f 4784,03^5

Ngajodjakarta kaping 1 October 1930.
wg. C. Soegiri
wg. J. S. Padmawijata
wg. B. Djaja Éndra.

Kabar saking pangrèh Roekti Woeri.

Gandèng kalijan verslag Roekti Woeri kasebat ing nginggil, pangrèh njaosi pirsa menggah kawontenanipoen Roekti Woeri ing poengkasaning woelan September 1930 i. p. sasampoenipoen Roekti Woeri djangkep KALIH TAOEN trep.

Tjatjahing warga SAWEG..................178.

Mila koela mawi temboeng SAWEG amargi koela gadah pangadjeng-adjeng, katah sad. Katholiek ingkang badé mlebet dados lid. Mangga para sadèrèk koela atoeri njantosakaken jasanipoen iboe kita P. K. W.

Katahing arta ingkang sampoen loemebet resik wonten f 8700. Resik tegesipoen ragad-ragad sampoen dipoenpendetaken. Dados ingkang nama gadahanipoen Roekti Woeri wonten f 8700 + f 2000 (dana saking R. A. Soelastri) = f 10700.

Jatra f 10700 poenika sadaja kanggé premereserve, tegesipoen kanggé ndjagèni jèn wonten warga tilar donja. sageda netepi koewadjibanipoen dateng ahli warisipoen.

Jatra f 10700 waoe kasimpen wonten ing Ned. Ind. Escompto Mij, saben taoenipoen mikantoekaken rente langkoeng saking f 450, oeitawi sawoelanipoen langkoeng saking f 37.50.

Poenapa wohipoen Roekti Woeri poenika sampoen maremaken? ? ? ? ? ?

Soemangga kagaliha pijambak! !

Oepami roemijin Roekti Woeri boten dipoentandangi poenapa sadèrèk Djawi Kath. saged nglempakaken bànda semanten èwoe katahipoen?

KOENTJARANING ROEKTI WOERI ateges KOENTJARANING GOLONGAN KATHOLIEK.

Poenapa pandjenengan boten prihatos sagedipoen golongan Katholiek saged, MONTJÈR. saged KOENTJARA??????????????

Pramila karsaa mbantoe Roekti Woeri, sarana dados lid.

Toer arta pandjenengan BOTEN ITJAL djer badé pandjenengan tampi malih béndjingipoen.

Toer pandjenengan ndjagi kawiloedjenganipoen GARWA POETRA, jèn wonten aral kapoendoet ing Pangéran ing samangsa-mangsa.

Toer pandjenengan damel MONTJÈRING golongan Katholiek priboemi.

Mangga para sadèrèk koela atoeri gèk TJÈKAT — TJÈKET.

Taklim:
Pangrèh ROEKTI WOERI.

Pènget: Jèn badé moendoet katerangan, jaarverslag, serat paneda dados warga, moegi kintoena serat dateng R. J. SOEDONO Tamansari Djokja.

Sapoenika Roekti Woeri sampoen poeroen nanggel f 1000 (sèwoe roepijah).

Para sadèrèk warga R. W. ingkang ngintoenaken premienipoen dateng Pangrèh sarana postwissel, moegi REÇU saking postkantor kaanggepa voorloopige kwitantie roemijin.

Paloepi Darma.

Kala Ngahad tg. kaping 5 October 1930 Paloepi Darma tjab. Soerakarta ngwontenaken pepanggihan wonten ing Kath. - School Poerbajan ngiras mèngeti 5 taoenipoen adeging pakempalan poenika. Ingkang dateng wonten sèketan langkoeng. Pangarsaning H.B. sad. Soepoedja. oegi rawoeh. Pakempalan kawiwitan djam 9.30. Sad. Soepoedja ngendikakaken srana-srana moerih adjenging pakempalan sarta memoedji, moegi-moegi P.D. tjab. Soerakarta sageda saja katah warganipoen lan teroes madjeng. Bakda poenika sad. Soeharsa ngandaraken toedjoe-toedjoening lan srana-srananipoen pak. P.D. kanti gamblang. Pamedar sabda mendet toelada warni-warni. Ingkang poenika ndadosaken saja terangipoen para warga. Pamoedjinipoen pamedar sabda, moegi-moegi P D. tjab. Soerakarta sageda saja soeboer gesangipoen. Satelasing pangandika, ladjeng sami dipoensegah loetjon lan soelapan, sinambi ngoendjoek wédang lan dahar njamikan. Toekangipoen soelap mila djempol saèstoe. Ingkang dados laré H. I. S. Poerbajan. Sadaja sami seneng toewin lega manahipoen. Kinten-kinten djam 12 parepatan katoetoep.

TIJANG NINGALI.

---

goemolonging soekmanira, sarta goemolonging boedinira." Dados boten badé kekatahen, malah sampoen mestinipoen, manawi poenapa-poenapa ingkang roemaos kita kados loehoer, pèni lan éndah, kasaosaken lan kanggé ngabdi ing Pangéran; toewin migoenakaken samoebarang ingkang noeloengi pangabdi kita. Lah, poenapa pangageman M s Soetji tjéngkok Djawi boten badé noeloengi anggèn kita ndèrèk ngoendjoekaken Koerban kita moerni? Poenapa poenika boten nama migoenakaken sarwa èdi lan éndah (mitoeroet raos Djawi!) kanggé pangabdi kita dateng Pangéran? Poenapa pangabdi oetawi katresnan kita dateng Pangéran boten ladjeng saja kanti goemolonging manah?

„Geleen heeft het dus het eerst gewaagd, de Javaansche ornamentiek in de kerk te brengen. Het resultaat zal, dunkt ons, op Java de bewondering en sympatie van de kath. Javanen inoogsten. Als de kath. Inheemschen die heerlijke, vorstelijke batik-patronen zien prijken op de heilige gewaden in den dienst van Koning Christus, als zij die vele andere kerkkleedjes, smaakvol verrijkt met Javaansche versieringsmotieven, aanschouwen, zullen ze niet alleen met bewondering en dankbaarheid vervuld worden, maar ook geprikkeld tot navolging." *) Makaten A. Soegijapranata wonten ing Kath. Illustratie 6 Aug. 1930 waoe.

Panginten makaten poenika kados inggih boten badé mlèsèd!

TH.

*) Tjara Djawinipoen labragan: „Dados Geleen ingkang poeroen miwiti nglebetaken patjak Djawi kaagem ing Grédja. Sadèrèk Djawi Katoelik kados inggih badé nampi kanti raos seneng lan kanti raos ngroedjoeki. Manawi Indonesiërs Katoelik njawang pola loehoer-loehoer waoe kaagem ing pangageman angker (soetji) kanggé ngloehoeraken Sang Ratoe Kristoes, lan sembet-sembet sanès rinengga èdi mawi patjakan Djawi, boten namoeng badé seneng lan roemaos noewoen, nanging badé kraos oegi kagèndèng nèmbak."

OPVOEDING.

ÈLMOE PAGEMÈN.

Kanggé kita bangsa Wanita, watek gemi poenika kedah kita enggèni. Mandar tjapet-tjapet koela sampoen naté maos wonten ing „De Koerier" ingkang wosipoen, manawi wonten satoenggiling pawèstri ingkang watekipoen ngebrèh, boten gemi, poenika sampoen (adja) ngaken jèn laré èstri. Lan laré ingkang kados mekaten poenika béndjing jèn émah-émah temtoe inggih boten badé saé panjepenging kas-kajanipoen. Kadjawi poenika watek gemi poenika mila sampoen dados watekipoen pawèstri. Boten pertjadosipoen, tjobi koela atoeri ngjektosi: tijang sepoeh ingkang doendoem tetedan dateng anak-anakipoen. Anak èstri sasampoenipoen tampi doem-doeman, temtoe ladjeng namoeng kateda salimrahipoen, tirahanipoen ladjeng dipoensimpen. Bènten kalijan ingkang djaler, sinaosa wetengipoen sampoen 'mblending koewaregen, tjangkemipoen temtoe inggih dipoendjijat-djijat, tetedan dipoentelasaken. Semanten oegi mangké manawi dipoendoemi blandja, laré djaler temtoe dipoentelasaken; nanging laré èstri temtoe poeroen njèlèngi, malah terkadang artanipoen boten dipoendjadjakaken.

Poenapa Goesti moeljakaken èlmoe pagemèn? Wonten ing Indjil kasebataken, nalika Goesti doemdoem roti gangsal lan oelam kalih, kanggé tijang 7000.—Sasampoenipoen tijang sadaja sampoen sami toewoek, Goesti ladjeng ngendika: „Tjoewil-tjoewilané wadahana ing krandjang!" Kelampahan tirahanipoen sami kaklempakaken, ngantos dados 12 krandjang.

Makaten sedèrèk, pangandikanipoen Goesti, woetjalan bab prekawis gemi. Sinaosa Goesti saged ndadosaken roti 5 dados samanten katahipoen, éwadéné prakawis tirahan ingkang sekedik poenika, Goesti meksa dawoeh nglempakaken. Kados poenika toedjoenipoen, kadjawi Goesti karsa paring piwoetjal, soepados kita sadaja sami gemi.

Koela kèmoetan, kala koela teksih alit, saben poen embok badé moesoesi, sadèrèngipoen wos dipoenpoesoesi, temtoe dipoen pendet sekedik kinten-kinten sagegem, ladjeng dipoentjemploengaken ing kendil siti oetawi kwali ingkang wonten ing sentong tengah oetawi ing papan sanèsipoen ingkang primpen. Saben koela takèni, sandjangipoen temtoe namoeng ila-ila welinging wong toewa. Sareng koela titi doemoegi sepriki, djeboel poenika tata-tjara tilaranipoen poen embah-embah, toemraping' èlmoe pagemèn (njèlèngi). Tandanipoen sareng nglegresi dong ketelasan arta, lan wos, ingkang dipoenbetak boten sandé inggih wos ingkang wonten ing sentong, klempakanipoen ingkang saking sadjimpit² poenika. Dados èlmoe pagemèn poenika wiwit kina mila, sampoen dipoenoedi.

Sapoenika kados-poendi soepados para poetra sami nggadahi watek gemi? Merginipoen nomer satoenggal, laré kedah dipoen-goelang njèlèngi. Oeger poenika sampoen toemindak, sanèsipoen temtoe saged toemindak kalijan mlampah. Jèn ing sekolahan wonten tatanan njèlèngi, inggih wonten ing sekolahan. Jèn boten wonten inggih kapoerih njèlèngi wonten ing grija. Boten preloe katah, nanging kedah adjeg, saben tampi blandja. Awit ingkang preloe adjegipoen poenika.

Koela mentas maos verslag saking postspaarbank, tijang sa Indonesia poenika djiwanipoen langkoeng saking 50 joeta, nanging jatranipoen ingkang wonten ing postspaarbank namoeng f 8.000.000—Dados tijang 1 ratjak namoeng gadah tjèlèngan 16 sèn. Ningali makaten poenika kita kedah 'nggadahi isin. Awit kados-poendi sagedipoen bangsa kita dados kadjèn menawi kita sadaja teksih ketingal mlarat. Koela mendet oepami ing postspaarbank, mergi poenika satoenggiling papan panjimpenan arta ingkang oemoem lan tanggon.

Kadjawi poenika laré kita kedah dipoenngretos-ngretosaken dateng ginanipoen njèlèngi, ngantos laré ketarik gadah nijat (grengseng) pijambak. Lan malih sampoen ngantos laré ngertos dateng ingkang nama oetang, ngemping (voorschot) sasynoniemipoen. Oepami laré dipoenvoorschoti blandja oetawi dipoenoetangi poenika boten saé.

Kanggénipoen tijang njamboet damel prenatan voorschotan poenika saleresipoen inggih boten saé. Awit gesangipoen wiwitan teroes doemawah wonten ing samboetan, manahipoen temtoe boten tentrem. Mila para werkgevers inggih prajogi ndjagi, sampoen ngantos njoekani voorschot dateng berahipoen, jèn boten preloe sanget. Déné para berah (arbeiders) inggih ndjagi sampoen ngantos njoewoen voorschot, jèn boten preloe sanget. Menawi kalih-kalihipoen sampoen toenggil toedjoe, temtoe badé langkoeng saé toemindakipoen.

Sampoen semanten kémawon roemijin, béndjing jèn wonten wekdal koela damel oelar-oelar bab Coöperatie ingkang gandèng kalijan èlmoe pagemèn. Margi temboeng Coöperatie kalijan economie poenika tansah gandèng.

C. Soedijati. Wedi.

-:- VARIA -:-

DONGÈNG SAKING BETAWI I.

Goebahanipoen S. lid R.K.D.B.

(bab pamoelangan, tradjang Katolik, padagangan l.s.s.).

Sareng poen S. maos dongèng warni-warni wonten ing Swara-Tama ngriki, dongèng saking njai pékawé bab rama pastoor Hoevenaars, bab tijang pradan, bab veertiendeclub lan sanès-sanèsipoen, koela kepéngin ndongèng gentos.

Koela badé ngandaraken babad-

babadipoen R.K.D.B. manoet sapamireng lan sasoemerep koela, margi koela pijambak sanès djempolan èrkadébé, nanging namoeng lid ingkang asring remen tjloeloek.

Ing Soeara-Katholiek R.K.D.B. verslag-ipoen sampoen asring kamot, lan para sadèrèk temtoe taksih ènget bilih èrkadébé mekaten ringkesan saking oekara **R**oekoening **K**atolik **D**jawi **B**etawi, lan oegi asring kapertal dados Roomsch Katholiek Djawa Bond. Bond poenika èstoenipoen satoenggiling pentil kawé ingkang boten dangoe temtoe ènggal badé dados woh, margi pangrèhipoen sampoen tata-tata samestinipoen, makaten oegi promotor lan pamomongipoen ingkang asma rama pastoor Beekman, Imam saking gotrah Fransiskoes.

Sampoen koela atoeraken jèn èrkadébé mekaten pentil kawé. Nanging soewaoe kaangkah badé kadadosaken pépékadé, nanging boten èstoe, margi kamanah kirang djempolan ingkang badé nandangi lan radi moetawatosi, margi jèn katanding kalijan partij ,poelitik sanès²-ipoen taksih nama kontit sanget, toer oepami dados pépékadé kekatahen soelajanipoen kalijan antjasipoen sang hjang **Kali**djaga alias rama **Beek**man, ingkang mempeng soepados dados kempalan agami saémba okaka ing Moentilan alias Oebaling Katresnan Katolik, lan soelaja kekatahen sanget kalijan betahipoen ingkang sami ada-ada kala roemijin, para prijantoen ing Kebondjeroek, kampoeng doenoenging standaard-school Katholiek ingkang sapisanan ing kita Weltevreden, ingkang soewaoe soepados èrkadébé dados pakempalan njèlèngi saénta hartadaja alit-alitan.

Mila soepados dawah tengah, sami maremipoen lan ènggal toemindak, ladjeng kainger kaeneraken dateng kawé.

Béndjing poenapa R.K.D.B. badé malih dados kawé, poen S. dèrèng saged ngatoeraken.

***

Bab pamoelangan ingkang perloe kaatoeraken, kedjawi pamoelangan Standaard kados ingkang kaatoeraken ing ngingil, ingkang saweg kabikak kala Slasa 1 April dèrèng dangoe poenika, lan sapoenika sampoen gadah moerid wetawis 70, taksih wonten malih sekolah Melania 2, ingkang klempakipoen moeridipoen boten kirang saking 300! Lan H. I. S. ingkang nama van Lith-school, moeridipoen boten kirang saking 140, dados laré Betawi ingkang sekolah ing pamoelangan Katoelik sapoenika boten kirang saking 500.

Bab pamoelangan Walandi lan A. M. S. badé kaatoeraken ing dongèng tjandakipoen.

Sinten mengsah oetawi kembaranipoen aksi kita ing babagan onderwijs, ingkang perloe kaatoeraken roemijin Taman Siswa, ingkang ing taoen poenika jasa ha-i-ès njangklek aben adjeng kalijan pamoelangan Melania ing Kebondjeroek, kampoeng lairipoen pakempalan èrkadébé.

Kedjawi poenika ing sanès panggènan Taman Siswa inggih gadah H. I. S. lan Schakelschool (ing Tanah Abang). Moehamadijah oegi boten kantoen, sasoemerep koela apes wonten H. I. S. kalih ingkang dados gadahanipoen pakempalan waoe. Namoeng semoenipoen ingkang satoenggal (ing Betawi, Gang Kadji) radi rekaos gesangipoen.

Bab èbah-èbahan poelitiek sekedapan poenika V. C. lan P. P. K. I. ketingal anggreseng, namoeng bab roewed-roewedan P. N. I. boten wonten.

Bab tijang pradan kados dongèngipoen bakjoe Soekatja ing Swara-Tama no. 38, ing Betawi boten wonten, namoeng bangsa aksara nglegena, toer aksara latijn, sanès aksara Djawi! *katah.* Malah poenika ingkang dados sesekaring pasamoean sèket taoenan. Kabaripoen aksara nglegena waoe asli saking Chicago, reclame salah satoenggiling maskapé film! koela mireng kémawon oendjal ambegan, toedjoenipoen boten soemerep pijambak.

Mireng bab nglegena-nglegenanan waoe koela jakin dateng temboengipoen tijang aksara latin pijambak: Der Untergang des Abendlandes! soereming soerja kilénan.

Malah koela kala kesasar dateng Pasar Gambir oegi mekaten: Moetyaraning pasamoean, èdi-èdining pahargjan karadjan, ingkang dados gotèking rembag, ingkang dados woding pengaleman, ingkang dados tjingaking paningal, ingkang dados isèn-isèning pangangen-angenipoen para ningali inggih namoeng gebjaring daging lan koelit ingkang tanpa warana. Bakjoe Soekatja, pandjenengan leres, boten lepat tjloeloek poepoer sadoeroengé bendjoed.

Keng raji poen S. kémoetan poenika sedaja, ngémoeti koela pijambak laré èstri, manah koela bebeg, loeh koela tjerotjosan. Koela sinaoe basa mantja ngaja-aja, tijang mantja soeka toelada kados mekaten! Bakjoe Soekatja, mangga sareng njamboet damel!

Mila leres rama Pastoer jèn ngintoenaken djedjaka dateng ngatebih kedah ngatos-atos, sampoen toenadoengkap pamilihipoen ....

Para maos! atoer koela poenika njata! lan dèrèng mantra lan njatanipoen! oepami pèn koela poenika wani, temtoe koela teroesaken, margi lelampahan ing Pasar Gambir waoe boten nginten jèn saged kelampahan wonten ing ... Indonesia.

Sareng koela mlebet ing stand wajang wong Solo, manah koela asrep. Ing rikoe wedaring kaboedajan Djawi. Inggih leres boten sepi ing bebaja, nanging bédanipoen boemi langit! „O, werkelijk man! de wereld is werkelijk slecht!" mekaten pambengokipoen kantja koela, boten Katholiek, sareng doemoegi grija, soemerep lelampahan ing Pasar Mondar-mandir waoe.

Tjobi semanten roemijin, béndjing éndjing kaladjengaken.

Kwitang, October 1930.

KASARASAN.

KOSOK-WANGSOEL.

Sareng maos Sw. Tm. No. 40—3/10-'30 lembaran 2. karanganipoen sad. P. Brata Amiséna, (bab oeroes² tjrakèn) koela kepeksa ngatoeri boekti sawetawis.

Nalika koela dèrèng sekolah, sampoen meningi tijang pedjah, sebab oeroes-oeroes mawi tjrakèn. Tijang waoe èstri ± saweg oemoer 25 taoen. Boten roemaos sakit poenapa-poenapa dipoendongèngi bab tjrakèn (kados pendjenengan) dèning tangganipoen. Woesana kepéngin oeroes-oeroes teroes neda tjrakèn 4 idji. Sareng wantjinipoen moeroes, padaran teroes sakit; dèrèng rampoeng anggènipoen moeroes, tijang waoe teroes pedjah.

Wonten malih laré djaler ± saweg oemoer 8 taoen. Dipoennjana dèning tijang sepoehipoen, jèn padaranipoen kotor. Mila ladjeng dipoenoeroes-oeroesi mawi tjrakèn 2 idji. Dèrèng rampoeng pamoeroesipoen, laré waoe oegi pedjah.

Let sawatawis taoen malih, wonten tijang djaler, sembada, gagahprakosa, ageng inggil lema, kepéngin njobi oeroes-oeroes mawi tjrakèn 10 saemplokan. Dèrèng ngantos moeroes, teroes padaran kraos molak-malik sarta bentèr sanget, boten antawis djam, teroes pedjah. Tijang waoe ± oemoer 30 taoen.

Wonten malih tijang djaler néneman, oegi oeroes-oeroes mawi tjrakèn 3 idji, boten pedjah, nanging pamoeroesipoen kanti sakit sanget, gondangipoen kraos bentèr sarta kelèt, raosipoen kanggé ngoeloe idoe kémawon rekaos.

Sedaja ingkang koela atoeraken waoe, tijangipoen boten noenggil doesoen, lan boten noenggil taoen. Namoeng loegoe ngatoeraken sasoemerep lan sapemireng koela, mawi paseksènipoen ahli-waris sarta tijang ingkang toemoet njipati.

Atoer koela poenika boten nijat badé njoelajani kalijan ngendikanipoen sad. P. B. Amiséna. Awit pendjenenganipoen mesti oegi kagoengan boekti saha seksi maèwoe-èwoe, njata boten moeta-watosi, mandar migoenani. Jèn namoeng trimah sembarang oeroes-oeroes kémawon, sad. ndoesoen katah sanget ingkang nganggé: gembrot „ron katémas." kabar raosipoen inggih étja sanget. Kloeban „ron djarak kebo." kabar, raosipoen inggih njampleng. „Blondo klapa." pendamelipoen kados tjaranipoen tijang damel lisah klentik. (krèntjèng), poenika raosipoen inggih tjespleng. enz.

Senadjan koela boten badé njepèlèkaken pemanggihipoen pepoendèn koela Djawi, nanging rèhning panggoela-wentahing badan poenika boten gampil, mila sampoen ngantos mawi wewaton „tjobèn-tjobèn." Lepat-lepat woeroeng dandanan saèstoe.

Mila aloewoeng kétjalan arta sakedik, lan rekaos sawatawis, jèn sampoen mawi wewatonipoen dokter, senadjan doemoegining tiwas pisan, boten badé dados parang toetoehan.

Woesana mangsa borong ing panglimbangipoen pijambak-pijambak.

N. B. Koela oegi boten netepaken kalajan mesti. jèn pedjahipoen tijang-tijang ingkang koela atoeraken waoe sebab saking tjrakèn. Saged oegi jèn sesarengan. Nanging dadakan ingkang katingal, djalaran saking tjrakèn waoe.

KRESNOAMIDJOJO.

PAMANGGIH KOSOK-WANGSOEL.

Noewoen koela maos andaranipoen sad. P. Brataamiséna ing Sw. Tm. No. 40. tg. 3/10-'30. lembaran 2. ingkang nerangaken bab tjrakèn kanggé oeroes-oeroes raosing manah pak pendelong, djalaran roemaos kosok-wangsoel, saking roemaos koela tjotjog kalijan tjarijos-tjarijosipoen prikantja ingkang sampoen nglampahi oeroes-oeroes nganggé tjrakèn, sarta tjarijosipoen tangga tepalih ingkang kerep njoemerepi tijang kasangsaran djalaran saking oeroes-oeroes tjrakèn makaten; tijang sasampoenipoen neda tjrakèn let sawatawis djam padaran kraos pating plilit saja dangoe oesoes kraos kados dipoenoeroet, tenggorokan bentèr salit, sawatawis djam malih kedah beboetjal, nalika beboetjal padaran tansah kraos sakit pampetipoen angèl, ngantos kénging kawastanan manawi dèrèng toeras babar pisan, dèrèng saged pampet. Katah sanget ingkang badan ngantos kraos djekoet (drodok) lambé wèl-wèlan, toemoenten soemapoet, mantoenipoen djam-djaman; amila koela tjotjog kados tjéntanganipoen Rama Redacteur toemoenten kasoewoenaken priksa dateng tijang ingkang ahli bab djampi-djampi, malah paringipoen katrangan awon saénipoen tjrakèn kanggé oeroes-oeroes koela ngadjeng-adjeng soepados kapatjak ing taman Sw. Tm. ing riki, minangka tjetjolok andaranipoen P.Br. ingkang kosok-wangsoel kalijan koepia koela!

Koela P. E. KAR.

CORRESPONDENTIE

Abn. 258. Kita Adm. sampoen tampi postwissel pandjenengan. Noewoen! Sarèhipoen pandjenengan kanggé taoen '30 lan Kwt. I taoen '31 sampoen sah, milanipoen arta kintoenan waoe ladjeng koela anggé nitjil kanggé Kwt. II lan III taoen '31. Dados ing taoen '31 namoeng kantoen Kwt. IV ingkang taksih kedah kabajar.

M. ing Dj. Solo. Redactie sampoen tampi karangan pandjenengan; nanging saking katahing kopi dèrèng saged nglebetaken.

OERAP - SARI

(PETIKAN SERAT - SERAT KABAR SANÈS)

KABAR KATHOLIEK.

Grédja Samaitan kekirangan jatra. Goesti ingkang badé sinéwaka ing ngrikoe moendoet pisoengsoengipoen para ambek darma Katholiek.

Doesoen Samaitan poenika doemoenoeng wonten ing salèripoen Ass. Toeri, ing tepis wiringing redi Merapi ingkang sisih kidoel. Tebihipoen manawi saking district Sléman oedakara wonten 8 pal. Doesoen waoe sanadjan sanget kloetoek taktoek, sepi pa-pi tanpa wonten kamisoewoeranipoen poenapa-poenapa, amargi sembahjanganipoen para soemengka tresna ing sesami, katah sadèrèk ngrikoe lan koekoebanipoen ingkang rinangkoel ing Sang Kristoes sinengkakaken ing ngaloehoer djinoendjoeng dados poetra Dalem kekasih.

Ngèngeti sangeting katjingkranganipoen, sadèrèk ing rikoe, poenapa déné tebih lan awoning margi saking Samaitan dateng Medari, milanipoen perloe dipoenadegaken Grédja ingkang langkoeng tjelak.

Dilalah karsaning Pangéran, ing Samaitan ngrikoe wonten lodji patirahanipoen tijang Djepang ingkang dipoensadé. Lan kelampahan oegi lodji waoe dipoenpoendoet ing Missie.

Wiwit nalika poenika ing Samaitan saben kemis ladjeng wonten Korban Mis Soetji; makaten malih tjatjahing tijang Katholiek lan para magangan saja dangoe saja ngrebda, ndjalari manawi dong dinten ageng lenggahipoen para ingkang andèrèk Mis sek-sekan boten kanten-kantenan amargi roepeking papan.

Prakawis poenika mesti kémawon ladjeng dados penggalihanipoen Pangrèh Missie, kados-poendi ichtijaripoen moerih ing rikoe toemoenten kaedegan Grédja. Sang Kristoes ingkang tresna sanget dateng tijang miskin tjeta wéla-wéla anggènipoen paring sih pitoeloengan, katanda boten let dangoe, ing Samaitan karawoehan satoenggiling randa loehoer Katholiek moersid tilas garwa tijang loehoer ing Frankrijk. Prijantoen waoe priksa kawontenaning lodji Samaitan ingkang dipoenanggé Grédja, katingal sanget anggènipoen kakenan ing panggalih, pandjenenganipoen ngantos kawedar pangandikanipoen mekaten: „Wah iki ora patoet banget jèn kanggo Grédja, iki patoeté omahé wong miskin."

Sasampoenipoen prijantoen waoe ngandikan kalijan sadèrèk Katholiek ing rikoe sarta lèrèging ginem kagoengan karsa badé mbijantoe adeging Grédja wonten Samaitan.

Kadjawi poenika ing salebeting woelan poenika oegi katah sadèrèk saking tn. Walandi ingkang kintoen dana, perloe kanggé mbijantoe adjenging missie ing tanah Djawi, mila boten let dangoe ing Samaitan ladjeng dipoenajati kaedegan Grédja.

Wonten Centraal Katholiek dipoenkabaraken oegi, bilih sadèrèk kita Djawi toemoet mbantoe adeging Grédja ing Samaitan; pinten angsalangsalaning dana, boten perloe koela seboetaken ing riki, djer koela manah mandar adamel koetjem kita. (Mila pantjèn nglingsemaken sanget. Red.)

Samangké Grédja Samaitan sampoen mèh dados, kabekta saking katahing wragad, sanadjan ta sampoen kabantoe ing sadèrèk pinten-pinten, wekdal sapoenika meksa ketjoepetan arta. Prakawis poenika kados boten anggoemoenaken, djer ngèngeti kabetahaning missie boten namoeng kagem menggalih adeging Grédja Samaitan kémawon.

Pramila para sadèrèk mbokbilih ndadosaken danganing panggalih, Comité Grédja Samaitan, sanget-sanget anggènipoen ngadjeng-adjeng dateng sih kadaman pandjenengan sadaja, keparenga maringi dana sakadaripoen, perloe kanggé soembang-soeroeng adeging dalemipoen Pangéran, ingkang mesti badé adamel rahadjengipoen sadèrèk kita Djawi ing wewengkon Samaitan ngrika.

Atoer koela kados tjekap koela poenggel semanten kémawon, djer koela jakin sanget kagem prijantoen ingkang mila tresna ing Pangéran saha bangsanipoen mesti boten badé owel mboetjal arta moerih djembaring Kraton Dalem.

Ing wasana ingkang badé paring pandjoeroeng, keparenga ngintoenaken kasèp-kasèpipoen tanggal 20 October poenika dateng Comité:

P/a A. ADISOEBRATA
R. K. Vervolgschool
Toeri
Sléman
DJOCJAKARTA.

Samaitan 28-9-'30.
Atas Comité
Poen:
A. M. D. G.

Swara Tama kalijan sentana Hoevenaars.

Kala tanggal 7 Oktober poenika, *Patjar Mérah* - kita tampi serat saking salah satoenggiling sentananipoen swargi Rama Hoevenaars.

Zeer Geachte Heer
Patjar Mérah.

Het heeft mij echt goed gedaan in *Swara Tama* het opstel te lezen, dat U er aan mijn Broer, mijn innig geliefden Broer, hebt gewijd. (Sw. T. 12 Sept. — *Red.).*

In zeer juiste woorden hebt U een gedeelte van zijn leven en streven weergegeven.

Hoeveel de overledene ook voelde en werkte voor de Europeanen hier te lande, hoezeer hem de stoffelijke en geestelijke belangen der Europeesche jeugd, der Europeesche armen en wezen ter harte ging, aan de bevordering van het godsdienstig en maatschappelijk welzijn der Javanen schonk hij met evenveel liefde zijne krachten. De Javanen hadden in hooge mate zijne liefde, hunne belangen trachtte hij in dit gezegende land steeds meer op den voorgrond te stellen.

Uit dankbaarheid voor hetgeen U ter herinnering aan mijn lieven Broer schreef, zond ik U heden een kleine missaaltjes. 't Is weinig maar komt van een goed hart. Moge het U ook in uwe gebeden den mij zoo dierbaren overledene gedachtig doen zijn. enz. enz. . . . .

***

Serat ing nginggil poenika, *soeraosipoen* kémawon makaten:

Sentana waoe mahjakaken genging panarimahipoen déné sadèrèk Patjar Mérah damel goebahan wonten ing Sw. T. amèngeti sédanipoen swargi Rama Pétroes Hoevenaars.

Swargi Rama P. Hoevenaars wonten serat ngrikoe katjarijosaken sanget anggènipoen anglabeti bangsa Éropah ing ngriki; sanget anggènipoen manggalih kabetahanipoen para nénéman, para miskin toewin laré lola bangsa Éropah. Kadjawi poenika taksih sanget manggalih karahadjenganing lahir-batosipoen bangsa Djawi, lan anggènipoen manggalih waoe kanti katresnan ingkang wawratipoen sami kémawon kalijan katresnanipoen dateng bangsa Éropah. Bangsa Djawi sanget dipoentresnani; kabetahanipoen bangsa Djawi sanget katengenaken.

Minangka tjihnaning panarimah, sentana waoe maringi kitab - Mis Soetji alit, (— Mis en Vesperboek, wedalan *Turnhout Henri Proost & Co.* — Red.), sageda ing salebetipoen moemoedji ing Pangéran, sadèrèk waoe kèngetan dateng ingkang sampoen swargi.

***

Loemantar Sw. T. ngriki, redaksi ngatoeraken panoewoenipoen sadèrèk Patjar Mérah dateng sentana waoe.

Semanten oegi, *Swara Tama* inggih ngatoeraken panoewoenipoen, déné sentana waoe, amanggalih seratanipoen sad. Patjar Mérah ingkang sampoen dangoe toemoet tandang damel amemaès asrinipoen Swara Tama, sarana Ontjènipoen sekar gambir melati ingkang pinetikan saking tamaning gagasanipoen.

Anggèn koela metik serat ing nginggil wonten ing Sw. T. ngriki, poenika amargi kita redaksi anggadahi pamanggih, panarimahipoen sentana waoe temenipoen boten namoeng dateng kadang Patjar Mérah; nanging oegi dateng pandjenengan sadaja ingkang tresna dateng Sw. T. Djer kita jakin sanget, bilih pandjenengan sadaja, amargi maos Sw. T., ladjeng anjoenjoewoen ing Pangéran amrih basoekining arwahipoen swargi Rama Pétroes Hoevenaars, ingkang pantjèn katah sanget lalabetanipoen dateng Missie Djawi.

Pangadjeng-adjeng kita, redaksi Sw. T., sasampoenipoen pandjenengan maos pakabaran poenika, moegi saja kandel katresnan pandjenengan dateng Swara Tama ingkang toendonipoen badé moerakabi toemrap adjenging Sw. T. Tatantjebing tjipta pandjenengan moegi tansaha *amboedidaja* béndjing poenapa gotrah Katholiek Djawi anggadahi hari-warti (dagblad); djer kawontenan ing kiwa tengen sampoen tansah amitoetoeri soepados kita ladjeng ngawontenaken dagblad.

Moegi-moegi sageda kaboel!

Sadèrèk Simon Soedarma. †

Sadèrèk Simon Soedarma, kepala pamoelangan Standaard Djember, ingkang katah sanget lalabetanipoen dateng Missie ing ngrika, salebetipoen Minggoe kapengker tilar donja. Kita béla soengkawa. R. I. P.

KABAR OEMOEM.
INDONESIA.

Indonesia lan Suriname.

Djiwa ing Suriname poenika ingkang bangsa Indonesia kirang langkoeng sapragangsalipoen.

Kala 31 Désèmber '28, djiwanpoen tijang siti wonten 58.000, tijang Hindoe 34.000, tijang Indonesia, 29.000, Neger 17,000, Indian 2000, Tionghoa 1700, bangsa Walandi kirang langkoeng 1600.

Djiwa ing ngrikoe sadaja dèrèng wonten 150.000.

Pos oedara.

Pos medal montor maboer ingkang kalampahaken toewan van Dijk, kala Setoe djam satengah gangsal sonten sampoen doemoegi Bandoeng, kanti wiloedjeng.

Kasangsaran montor ing Madioen.

Kala Ngahad éndjing, kirang langkoeng djam gangsal, ing Madioen wonten montor noemboek tilpoen. Ingkang noempaki t. mr. dr. H. Westra rajinipoen resident Ngajodja, Njonjah Westra Iss., sadaja 5, djaler 4, njonjah 1 mentas sami saking kamar bolah.

Toewan lan njonjah Westra kataton, nanging boten dados baja. Toewan Kromsigt goeroe gambar Mulo, ingkang pedjah.

Kawontenan ing Formosa.

Aneta mentas rerembagan kalijan toewan Oetsjida, tilas goepernoer Formosa. Tilas goepernoer waoe anjarijosaken: sampoen wiwit taoen 1911 Formosa angintoenaken tijang dateng tanah Djawi perloe matitisaken pabrik-pabrik gendis ing ngriki. Wiwit kala semanten, pamedal gendis ing ngrika ladjeng mindak, ngantos sapoenika ing dalem sataoenipoen saged ngedalaken gendis 60.000 ton. Rosan ing ngrika saja saé.

Berahanipoen kaoem berah ing ngrika ratjak langkoeng katah tinimbang ing tanah Djawi. (70 sèn).

Siti kaboedidajan gendis kala roemijin inggih njéwa, nanging sapoenika ingkang katah-katah sampoen toembas siti pijambak.

Kadjawi wos, ing Formosa angedalaken kamfer toewin pisang. Sataoen-taoenipoen pisang ingkang kakintoenaken dateng Djepang, pangaos 10 mlijoen Yen. Kadjawi poenika inggih katah tèh toewin sinaasappel.

Oetek Indonesiër.

Asli Soematra.

Kirang langkoeng sampoen sangang taoen, prijantoen bangsa Soematrah asma Idris Soetan Pangéran, dados maha goeroe basa Mlajoe wonten pamoelangan loehoer ing Hamburg (Djerman).

Manoet pamirengipoen *Aneta*, t. Idris waoe kakintoenaken dateng Indonesia, dangoenipoen sataoen, kanggé njinaoe poenapa kémawon ingkang gagajoetan kalijan basa Mlajoe.

Pandjenenganipoen oegi badé njinaoe gesangipoen tijang Koeboe sareng-sareng kalijan sardjana anthropoloog ing Tropen-instituut Hamburg.

T. Idris waoe sampoen doemoegi Indonesia. Dep. Onderwijs ing ngriki paring pambijantoe.

Preloe kapèngetan, bilih pandjenenganipoen poenika wedalan Kweekschool Fort de Kock, ngladjengaken sinaoe dateng Nederland, ladjeng neroesaken dateng Hamburg.

Kambah bebaja pest.

Ing Dampit, Malang, katetepaken kambah sasakit pest.

Inlandsche Zaken.

T. Salamoen, tilas vice-konsoel Walandi ing Mekah, sapoenika kabantokaken wonten ing kantor Inlandsche Zaken. (A. I. D.).

Boten wonten peken malem.

Béndjing taoen 1931 poenika ing sawenèhing panggénan ing bawah Semarang, bokmanawi kémawon boten badé wonten peken malem, margi angèngeti kawontenaning ekonomi ing taoen waoe mestinipoen saja rekaos. *(Alg. Hdbl.).*

Ngobong majit.

Béndjing tanggal 13 Oktober poenika, ing Kaliboekboek, 8 K.M. saking Singaradja (Bali), badé wonten majitipoen wanita kalih golongan inggil dipoenobong. Toenggil dinten kalijan waoe, ing Den Tjarik 18 K. M. saking Singaradja) oegi wonten majitipoen bangsa Brahmana dipoenobong.

Teboe dipoen-gantos pantoen.

Locomotief njarijosaken, béndjing wekdal giling taoen 1932 poenika, ing Djawi Tengah wonten pabrik gendis kalih lan ing Djawi Wétan pabrik gendis tiga, gadah sedya badé nanemi pantoen ing sitinipoen; dados boten dipoentanemi rosan.

Ing taoen 1932 poenika waoe, badé katah pabrik ingkang boten poeroen nanem rosan, langkoeng-langkoeng ing papan ingkang pasèwanipoen siti awis, oet. ingkang margi kadajan sebab warni-warni ladjeng andjalari indaking waragad.

Lan, manoet *Mataram*, boten mokal manawi ing tanah Kedjawèn inggih tjalon katah kaboedidajan ingkang nindakaken kados ing nginggil.

Manawi kalampahan makaten, poenapa ing ngriki inggih badé ladjeng mirah wos?

Radja pedjah.

Salebetipoen minggoe kapengker ing Betawi wonten radja pedjah. Elias Simon Djoentak, klerk Departement Financiën, wonten saantawisipoen departement kalijan kamar bolah „Concordia" dipoenpradjaja kapénakanipoen anama Silitonga. Ingkang medjahi waoe ngaken kémawon, lan soemerep majiting pamanipoen inggih boten katingal getoen. Kalih-kalihipoen sami bangsa Batak. *(Ant.)*

Gègèran bangsa Dajak.

Wonten pawartos bilih bangsa Dajak ing paredèn antawisipoen Pasisir kalijan Kandangan (Borneo) sami ngraman mengsah ratoenipoen, ingkang ladjeng mardikakaken titijang boten soesah ambajar paos toewin nglampahi ajahan goegoergoenoeng.

Pangageng distrik Kandangan kalijan patroli sami andatengi papan waoe. Wonten bangsa Dajak kalih dipoentahan, sarta saladjengipoen kawontenan ing ngrikoe ladjeng tentrem.

Nabi énggal.

Kala 22 September poenika, poe-

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI!

ÉMAH-ÉMAH KENÈMEN.

PARÉNTAH NANDANGI . . . . WANITA KEDAH AMBIJANTOE!

Manawi kita badé madjeng, kedah oegi andandosi balé grija kita pijambak! Sasakit-sasakiting bangsa ngriki kedah kita oesadani! Kedah kita sirnakaken!

Kala Djoemoewah kapengker, koela sampoen anggepok sasakit *boros* ingkang anggampilaken tijang kadjiret ing lintah darat. Kadjawi sesakit rojal-rojalan, taksih wonten sasakit sanès ingkang sanget andrawasi. Lan, mamala waoe maratah ing satalatah Indonesia. Amila, kedah kita dokteri . . . . Poenapa???

Sasakit: *ngémah-émahaken laré èstri dèrèng diwasa!*

Koela ngatoeraken kawontenan ingkang koela ngertosi. Ing Koedoes, tanah kalahiran koela, katah sanget tijang angémah-émahaken anakipoen èstri dèrèng diwasa. Malah inggih boten sakedik, laré èstri taksih oemoer 7 oet. 8 taoen dipoenidjabaken pikantoek *djaka toewa* oetawi *doeda sepoeh*. Malah kerep kalampah, laré èstri taksih baji, dipoenpatjangaken kalijan djaka. Wonten tlatah ngrikoe, (lan oegi ing pasisir lèr sanèsipoen), . . . pandjenengan badé kerep amranggoeli *kjai*nipoen sampoen kaki-kaki, *njai*nipoen taksih nèm sanget.

Wondéné anggènipoen sami nindakaken makaten poenika, limrahipoen margi:

a). badé nglanggengaken sadèrèkan;

b). mélik banda.

Mangka, kawontenan makaten poenika namoeng sarwa mitoenani! Saged:

amitoenani kasarasaning badanipoen laré èstri;
angrisakaken toewoeh;
ambobrokaken kasoesilan wanita;
damel rekaosing *panggesanganipoen* anak-bodjo; (Mangga dipoenpanggalih! Kjai sampoen kaki-kaki, njainipoen taksih enèm sanget. Ingkang djaler mlebet koeboeran, ingkang èstri, kantoen anggana, ngopèni anak, gèk anakipoen katah pisan! Pintena manawi ladjeng padjeng émah-émah malih! Manawi boten, poenapa boten adamel ngrekaosing panggesanganipoen???—).

Ènget sadèrèk! Ingkang kéntjokan sesakit makaten poenika boten namoeng Koedoes kémawon. Maratah ing satalatah Indonesia!

Paréntah inggih ngawoeningani kawontenan boten saé poenika.

Ing *Serat Ideran* katitimangsan Bogor kaping *14 Dec. 1925 no. 403x* sampoen andawoehaken dateng para pangageng nagari ing tanah Djawi, Madoera toewin Sabrang, soepados para pangageng gewest toemindaka ing sasaged-sagedipoen amrih itjaling émah-émah kenèmen waoe.

Ing Serat Ideran anjarijosaken, Paréntah boten saged nanggoelangi prakawis poenika sarana ngawontenaken papatjak ingkang ginantoengan paoekoeman. Regeering kagoengan kajakinan: pangaribawanipoen para prijantoen pangrèh pradja bangsa Indonesia, mesti ageng sanget dajanipoen dateng leboering *kinderhuwelijken*. Amila para pangageng Indonesiers (Boepati Iss.) sami kinarsakaken toemandang ing sasaged-sagedipoen soepados sasakit kaseboet nginggil, saged itjal saking Indonesia. Pendak nem woelan sapisan, tanggal 1 Januari lan 1 Juli, para pangageng poenika waoe, kedah damel palapoeran tjatjahing laré idjab kenèmen ing bawah ngrikoe. Poendoetan makaten poenika, karsanipoen Paréntah sageda andajani dateng toememenipoen para pangageng anggènipoen ngitjalaken kinderhuwelijken.

Kadjawi poenika, Paréntah kagoengan karsa badé angedalaken boekoe basa Djawi toewin Mlajoe ingkang anerang-nerangaken kapitoenènipoen laré kenèmen kaémahémahaken.

Nanging, ... poenapa Paréntah sampoen angedalaken boekoe makaten waoe, ... koela boten mangertos.

Kaseboet ing Sirkoelèr, oegi mratélakaken soepados para kawoela Indonesia sageda toewoeh manahipoen pijambak, ambijantoe Regeering anjirnakaken émah-émah taksih kenèmen.

Dados, tétéla Paréntah angihtijari itjalipoen sasakit kaseboet nginggil.

Nanging, manoet tjarijosipoen *Alg. Ind. Dagblad*, tjatetan-tjatetan kinderhuwelijk ingkang kaladosaken saking pangageng gewest wiwit Januari 1926, anedahaken bilih: *tjatjahing kinderhuwelijk ing satanah Indonesia boten soeda lan inggih boten mindak . . . .*" De (. . .) aan de regeering ingediende statistische opgaven omtremt de in geheel Nederl.-Indie aangegane (zoogenaamde) kinderhuwelijken, toont aan dat het aantal dier huwelijken over geheelen archipel, (. . . . .) er niet op verminderd is, ook niet vermeerderd."

Boten soeda lan inggih boten mindak! Dados, gerbanipoen: adjeg kémawon. Sami oegi kalijan *boten wonten sirkoelèr*.

Ing palapoeran ngrikoe, mratélakaken bilih idjab kenèmen waoe ingkang katah sanget ing tanah Soematra. Èstrinipoen oemoer 8 à 10, djaleripoen 14 à 15 taoen.

Kawontenan „ora moendak ora soeda" poenika toemrap para pangandjoering bangsa saèstoe adamel prihatos. Poenapa ingkang tampi sirkoelèr boten ngemen-emenaken? Mokal!!

Ing dalem rembag kinderhuwelijk, pantjèn wonten prakawis ingkang kerep dados sasandoengan. Inggih poenika: *oemoer-oemoeran*!

Adat ingkang sampoen, bangsa kita poenika gampil sanget „njepoehaken" oetawi „ngenèmaken" oemoer. Oemoer 8 oet. 10 taoen kaakenaken 13-14, inggih sakétja kémawon. Saja manawi ngleresi larénipoen longgor.

Manawi koela boten kalèntoe, saben wonten baji lahir poenika mesti kalapoeraken ing kaoem dateng kepala doesoen (— dédé lapoeran burgerlijke stand —). Amila, kanggé amékani sampoen ngantos wonten pangantèn dipoensepoehaken oemoeripoen, poenapa boten saged pangoeloe neda tjatetan oemoering laré, awawaton pèngetan ingkang dipoenlapoeraken ing kaoem waoe?

Alija saking poenika, kanggé preloening aksi ing nginggil, tijang ingkang kadjibah ngidjabaken, inggih sampoen ngantos gadah *kamélikan*. Liripoen, sampoen ngantos poeroen *dipoenbeseli*.

Ing nginggil sampoen kapratélakaken, kaparengipoen Paréntah tetijang soepados samia poeroen toemandang pijambak ambijantoe karsanipoen babagan poenika.

Sagedipoen karsa makaten waoe kalampahan, kedah oegi pikantoek pambijantoenipoen golongan prijantoen pangrèh pradja toewin *goeroe*. Awit, golongan kakalih poenika pantjèn ingkang tjaket pijambak kalijan kawoela alit. Samboeng-rapetipoen sakétja.

Kadjawi poenika, sadaja pakempalan sosijal, *langkoeng-langkoeng pakempalan wanita*, kedah toemoet tjantjoet, anggenah-genahaken awoning kawontenan ing nginggil, dateng tetijang katah!

Kumuningsaselé 5 Oktober '30.
Taklim: PATJAR MÉRAH.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6. -7.30.	Lamah	5.30 - 6 - 8.	Pekalongan 8)	6.30 - 8.	Kepandjèn	6 - 7 - 9.
Amboina	7.30.	Lawang 5)	7.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6 - 7.30 - 9
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6 - 7 - 8.30.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 9.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai	7.30
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang	8
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Sambas	6 - 8.30.	Tegal	6.30 - 8.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambong	8.	Tering	7.
Djokja:		Medari 6)	7.30.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjap 8)	7.30.
Kampementstraat Eur.	7 - 9.	Meester Corn.	7 - 9.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6 - 8.
" Jav.	6 - 8.	Mendoet	6 - 7.30.	Sedjiram	5.45 - 8.30.	Tomohon	7 - 8 - 9.
Kota Baroe	6 - 7.30.	Modjokerto	6 - 8.	Semarang:		Wates 7)	7.
Djombang 1)	7.30.	Moentilan	5 - 6 - 8.	Gedangan	6 - 8.	Weltevreden:	
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Bangkong	6.30 - 830.	Waterlooplein	5.45 - 7 - 9.
Gandjoeran 2)	7.	Ngawi 7)	7.30.	Tjandi	7.30.	Kramat	6 - 8 - 9 (mal.).
Gombong 3)	7.30.	Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina).	Randoesari	7 - 9.	Wonosobo 8)	7.30.
Keboemèn 4)	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Singkawang	6.30 - 9.	Woloan	8.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Soekaboemi	6 - 7.30.		
Klatèn	7.30.	Palembang	7 - 9.	Heuvel	5.30.		
Koeta Radja	6.30 - 8.	Pasoeroean 1)	7.30.	Soerabaja:			

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 3e. Achad.

lisi anjepeng tijang Mlajoe wonten ing peken Kampoeng Djawa Padang. Tijang waoe nama S. sarta sosorah wonten ngadjengipoen tijang katah ngaken bilih pijambakipoen dados oetoesaning Pangéran kadawoehan amemarah tetijang Islam. Sinten ingkang boten poeroen anggega pijambakipoen tjalon pikantoek bendoening Allah. Tijang waoe gadah djimat, pinang toewin dlantjang-dlantjang seratan Arab. *(Sum. Bode).*

Modèlipoen djor-djoran.

Manoet *Java Bode,* maskapé montor bis B.V.M. ing Betawi, angedakaken taripipoen Harmonie dateng Betawi 7½ sèn. Kadjawi poenika ing serat sebaran amratélakaken bilih toemrap *tetijang èstri* pikantoek soedan 20%.

Bokmanawi maskapé waoe nganggé lampah „wong wadon bisa anggegèndèng wong lanang." Sinten ingkang badé niroe?

Sinten ingkang tjalon dados G.G.?

Manoet reraosan ing Den Haag, prajagoeng ingkang kasawoengaken anggentosi dados Goernadoer Djéndral Indonesia, béndjing sakèndelipoen G. G. sapoenika, kadjawi Minister van Beelaerts van Blokland, taksih wonten malih ingkang dipoenraosi, i. p. *mr. Dr. D. A. P. N. Koolen,* warga Raad van State, saha ingkang sampoen tataoenan dados pangarsaning Tweede Kamer.

Katjilakan sepoer ing Soerabaja.
Boten wonten kasangsaran tijang.

Sepoer N. I. S. ingkang pangkat saking Tjepoe kala dinten Senèn éndjing, lan ingkang pantjènipoen doemoegi Soerabaja djam 8.46, wonten satjelakipoen Kandangan, margi wonten ngas ingkang poetoeng, andjlog. Gerbong wadah lisah B. P. M. tjatjahipoen sadasa goemoeling wonten sabin.

Kasangsaran tijang boten wonten.

Kobongan ageng.

Kapitoenanipoen 25 èwoe.

Ing kampoeng Tionghoa Soerabaja kala malem Selasa wonten toko barang-barang gading gadahanipoen bangsa Tionghoa kobongan, kapitoenènipoen 25.000. roepijah.

Tilpoen radio.

Wiwit woelan poenika, tilpoen radio kalijan Lithauwen sampoen kabikak medal Nederland. Taripipoen sami kalijan manawi dateng Djerman.

Dajaning pangiridan.

Pabrik tèh ing Bajang Tenga lan Goenoeng Malintang manoet *Sum. Bode,* dipoentoetoep. Wiwit tanggal 15 November ngadjeng poenika, poenggawa-poenggawa bangsa Europa toewin koeli-koelinipoen sami dipoenkèndeli. Koeli waoe wonten 300 ingkang koeli kontrakan.

Wiwit tanggal 1 October, kaboedidajan karèt ing Goenoeng Sindoer dipoentoetoep.

Administratoeripoen t. E. Bueno de Mesquita, dipoentaksihaken kanggé ngoeroes oeroesan-oeroesan ing tanah ngrikoe, margi Goenoeng Sindoer poenika djembaripoen 1200 baoe.

Dèli Crt. njarijosaken ing Sumatra Pss. Wétan wonten tilasan assistent kebon katahipoen kinten-kinten 60—70.

Ing Medan wonten tilas assistent kebon dados sopir montor, lan Walandi waoe sapoenika késah dateng tanah Djawi perloe pados pandamelan.

Bokmanawi panginteninpoen ing tanah Djawi poenika kawontenanipoen langkoeng saé tinimbang tanah Soematra. Boten ngertosa manawi ing ngriki inggih katah tijang bloeloengan pados pandamelan.

Ama lèpèn ing Siak.

Sagedagan poenika, tetijang sakiwa tengenipoen Siak Sri Indrapoera sami prihatos margi dipoenresahi baja.

Kala woelan kapengker, salebetipoen sakampoeng ing dalem kalih minggoe wonten tijang lan laré alit tiga welasan dipoen-glandang baja.

Malah nembé poenika, wonten laré kalih ngleresi adoes, oegi dipoen-glandang singa ranoe waoe, toedjoenipoen saged kapitoeloengan bapakipoen.

Toek lisah énggal.

Siti Kloewang lèr, gadahanipoen B. P. M. mentas pinanggih wonten toekipoen lisah latoeng.

MANTJA NAGARI.

TIONGKOK. *Wei Hai Wei kawangsoelaken.*

Tanggal 1 Oktober poenika, poelo Wei Hai Wei kawangsoelaken pradja Inggris dateng Tiongkok malih;

Wei Hai Wei poenika djembaripoen kinten-kinten 730 K.M.², djiwanipoen kirang langkoeng 180.000-doenoengipoen Lèr wétan pasisir djasirah Sjantoeng, Kabawahipoen Inggris kala taoen 1898. Palaboehan ing ngrikoe dipoensantosani.

Poetoesan Vlootconferentie ing Washington kala akiripoen taoen 1921, anetepaken soepados Djepang amangsoelaken Sjantoeng dateng Tiongkok, semanten oegi Inggris inggih soepados mangsoelaken Wei Hai Wei dateng Tiongkok.

BARITANIJAH. *Kasangsaran montor maboer.*

Montor maboer Inggris R. 101, kala 5 Oktober, wantji djam satengah tiga éndjing katjilakan wonten satjelakipoen doesoen Beauvais (Paris). R, 101 waoe andjebloeg, sarta moeroeb.

Ingkang noempaki tijang 53. Tijang ingkang *wiloedjeng,* taksih gesang namoeng *woloe,* sami tatoe kobong, kaoepakara wonten grija sakit ing Beauvais. Majit ingkang pinanggih saweg 32.

Minister Luchtvaart Inggris, katoet tiwas.

Sang nata sakalijan praméswari, béla soengkawa.

DJERMAN. *Inggih kasangsaran montor maboer.*

Montor maboer oembalan, gadahanipoen Berlijnsche Lufthansa maboer dateng Weenen, wonten satjelakipoen Dresden dawah andjengkelit. Sadaja ingkang noempaki, dalah ingkang nglampahaken, goenggoeng *tijang sanga, sami pedjah.*

PARANGAKIK. *Pogokan.*

Tanggal 6 Oktober, koeli-koeli kaoem berah ing pamelikan ing Parangakik, sami dipoenabani mogok sadinten sadaloe, minangka pangantjam dateng dirèksining pamelikan-pamelikan déné boten noeroeti panedanipoen babagan bajaran ing salebeting liboer.

Sangang dasa nem presènipoen kaoem berah, ing dinten waoe boten sami dateng ing pandamelan.

ITALI.

Ing Roem wonten pawartos bilih sang praboe Boris ing Bulgarije patjangan kalijan poetri Itali retna Giovanna.

Sang nata Boris poenika Grieksch-Katholiek, joeswanipoen 36 taoen; anggènipoen djoemeneng nata kala taoen 1918. Déné poetri Giovanna joeswa 23 taoen.

MATOER NOEWOEN.

Dateng para Agoeng, para Prijantoen, para mitra, para sadèrèk ingkang sami paring pitoeloengan warni-warni saha pakoermatan, wiwit sakit doemoegi ngadjalipoen sadèrèk koela djaler ingkang sanget koela tresnani

RADÈN SIMON SOEDARMO.

Ingkang nalika tangal **1 October** tilar donja saha kakoeboer ing Djember tanggal 2.

Ingkang nandang soengkawa:
Moedjiat Martohadikoesoemo
Soedarman Martodihardjo
saha familie.